

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

Tujuan umum nu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun kamampuh siswa kelas VIII-4 dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda. pikeun ngahontal jeung mikanyaho hal di luhur, dilakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun métode déskriptif studi kasus, sarta téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun métode tés sarta angkét anu diujikeun ka 35 siswa kelas VIII-4.

Sabada ngolah data jeung nganalisis dina bab IV, ngeunaan kamampuh siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 1 Sétu dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda. Hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sarta ngahasilkeun saran-saran di handap ieu.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana pedaran bab IV bisa dicindekkeun sawatara hal ieu di handap:

- a) Kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 1 Sétu aya dina kategori *proficient*, tina 120 kecap anu diujikeun ka 35 siswa. Kamampuh anu pangluhurna nya éta siswa ka-10 anu mampuh ngawasa 112 kecap (93,34%) tina 120 kecap anu diujikeun. Kamampuh nu panghandapna nya éta siswa ka-22 nu mampuh ngawasa 58 kecap (48,34%).
- b) Ditilik tina warna kecap, kecap anu panglobana dikawasa ku siswa nya éta kecap barang 26,22%, anu panglobana kadua nya éta kecap pagawéan 25,97%, anu panglobana katilu kecap sipat 25,71%, anu panghandapna dikawa ku siswa nya éta kecap bilangan 16,62%.

#### **5.2 Saran**

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda siswa kelas VIII SMP, aya sababaraha nu perlu diperhatikeun, nya éta:

- a) Keur panalungtik
  - 1) Ieu panalungtik leuwih museur kana kamampuh ngawasa kandaga kecap siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Sétu Kabupaten Bekasi. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan di daérah séjénna.

- 2) Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode soal téés pilihan ganda, dipiharep aya soal téés penguasaan kosakata nu leuwih akurat deui kanggo kapayunna.
- b) Keur guru
- Dina mimiti ngajarkeun basa Sunda guru ngajarkeun kandaga kecap sarta kumaha larapna dina kahirupan sapopoé siswa.